ХIоттийнарш – IабдулвахxIаб Хьафиз,
Мухьаммад СаIийд БурхIани
Жайна гочдинарг – Магамедов Рахьманан Сулиман

Рецензенташ – М-Э. Эдихаджиев, I. Эдиев

# ЗАКАТ ДАЛАР ФАРЗ ДУ

Гуьмсе 2018

Закат далар фарз ду. 2018, – 40 с.

## БисмиллахIиррохьманиррохьим

## *Дешхьалхе*

Хастам бу АллахIна, даьхни а, синош а цIандеш долу закат даккхар тIедиллина Волчу! Делера салам-маршалла хуьлда, шариIатан байракх айбина, нийсо яржош веанчу Делан Элчанна, цуьнан доьзалшна а, асхьабашна а, къегина седарчий, цIена доьзалш а хилла болчу, шайн даьхница а, догIмашца а АллахIан некъахь къахьоьгуш, шайна мел дезарг сагIина дIалуш хилла болчу! АллахIа вайн аьтто бойла царна тIаьхьадаза а, царах масал эца а!

Веза-Сийлахь волу АллахI резавар а лоьхуш, тхуна лиира, закат даларх долу хIара жайна бусалба нахе дIакхачо, хIокху жайнех пайдаэцар бусалба нахана атта а деш. Веза-Сийлахьчу АллахIа оха хьегна къа цIенна Шен дуьхьа дойла!

ХIара жайна оха тидаме дуьллу, къаьсттина:

- Далла а, мискачу нахана а хьалха шайна тIедеххкина долу декхарш кхочушдарехь ледарло ечу хьалдолчу нахана.
- Халкъана юккъехь закатан даьхни декъарехь нийсо яр а, шайна и закат догIуш болчу мискачу нехан аьтто бар а дитина, бакъо лахар дIатесна болчу хьаькамашна.
- Шайна закат догIуш болчу мискачу нахана шаьш луш долу закат шайгара комаьршо ю моьттуш болчу хьалдолчу нахана.
- ШарIо билгалбинчу сийлахьчу некъашца рицкъа

лахар дитина, шайна закат догIу моттийта беркъа духар лелош, шайна тIехь къеллин лар а гойтуш, закате сатуьйсучу нахана.

ХIара жайна хуьлийла лаьа: закат даларехь ледара волчун ледарло дIайоккхуш, цу тIехь гIопал хилла волчуьнга само йойтуш а, шайна цадогIучу закате сатуьйсучеран сатийсар дIадоккхуш а. И дерриг кхочушхилча, бусалба динан серлонгахь дехар ду бусалба къам.

**АллахIа вайн массеран аьтто бойла нийса а, дика а дерг лелорехь! АллахIна хастам бу, Iаламаш кхоьллина, кхобуш, кхиош а Волчу!**

## Закатан хьокъехь даьхкина сийдолу аяташ

- Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«ХIай ийман диллинарш! Оха шайна деллачу рицкъанах закат дIало аш, шена чохь йохкар а, доттагIалла а, шапаIат а доцу де** (къематде) **тIекхачале».** *«Аль-Бакъарат», 254.*
- **«Шайн даьхни АллахIан новкъахь сагIина луш болчеран масал – буьртиган масалх тера ду, ша ворхI кан схьабалийтина а, хIора кена чохь бIе буьртиг а болчу. АллахIа совдоккху Шена луучунна, АллахI** (комаьршонца) **шорто еш Верг а, хууш Верг а Ву** (закат луш болчеран ниййаташ)». *«Аль-Бакъарат», 261.*
- **«ХIай ийман диллинарш! Шайн сагIанаш** (церан мела) **доха ма де аш тIехдеттарций а, халахетар дарций а».** *«Аль-Бакъарат», 264.*

- **«АллахI реза хиларе сатуьйсуш, ийманехь шайн догIмаш чIагIдархьама шайн даьхни сагIина луш болчеран масал – басахь йолчу бешах тера ду, шена тIе чIогIа догIа а деана, тIаккха шозза алсам стоьмаш белла йолчу».** *«Аль-Бакъарат», 265.*
- **«Аш сагIанаш нахана гуш дахахь – дика ду иза. Аш уьш къайлах даьхна, къечу нахана дIалахь а – и ду шуна гIоли дерг, цо дIадохур ду шун вуонаш».** *«Аль-Бакъарат», 271.*

ХIокху аятехь дуьйцуш дерг суннат сагIа ду, амма фарз сагIа (закат) нахана гуш даккхар деза ду, закат даккха вицвеллачунна дагадаийтархьама а, Делан фарз кхочушдарехь шех масал эцийтархьама а.

- **«Шайн даьхни буса а, дийнахь а, къайлах а, гуш а сагIина луш берш – царна мела хир бу шайн Далла гергахь, кхерам а хир бац царна, гIайгIане а хир бац уьш».** *«Аль-Бакъарат», 274.*
- **«АллахIа риба** (процент) **иэшайо** (беркат дIадаккхарца), **сагIанаш кхиадо** (мела совбаккхарца)**».** *«Аль-Бакъарат», 276.*
- **«Шу дикане** (Ялсамане) **кхочур ма дац, шайна дезачу даьхних аш сагIина хIума яллалц».** *«Алу Iимран», 92.*
- **«АллахIа Шен комаьршаллах деллачунна тIехь бIаьрмециг болчарна** (шайн даьхни тIера закат ца луш) **ма моттийла, и шайна дика ду. Бакъду, и царна вуон ду, и цара кхоийнарг** (закат ца луш) **къематдийнахь церан вортанах хьарчор ду».** *«Алу Iимран», 180.*

- **«Деши а, дети а гулдеш берш, АллахIан новкъахь и сагIина ца луш** (цунна тIера закат ца луш), **ахь цаьрга кхаъ баккхалахь, лазош долу Iазап хир ду аьлла. Цхьана дийнахь жоьжахатин цIергахь лалор ду и** (церан деши, дети а), **тIаккха цуьнца дагор ду церан хьаьжнаш а, агIонаш а, баккъаш а: «ХIара ду-кх аш шайн догIмашна гулдинарг, хIинца Iовша шаьш гулдинарг** (цуьнан бекхам)**»,** – эр ду цаьрга. *«Ат-Тавбат», 34-35.*
- **«Церан даьхни тIера сагIа** (закат) **схьаэцца ахь, ахь уьш** (къинойх) **цIанбеш**, **уьш** (ийманехь, беркатехь а) **кхиабеш».** *«Ат-Тавбат», 103.*
- **«Баккъалла а, декъалхилла бусалба нах. Шаьш ламазаш дечу хенахь** (АллахIах **кхоьруш**) **хьастабелларш бу уьш. Даьсса** (эрна) **къамел дарх бухакхеташ берш бу уьш.** (Шайн даьхнина тIера) **закат доккхуш берш бу уьш».** *«Аль-Муъминун», 1-4.*
- **«Ламаз хIоттаде аш, закат а даккха аш, Элчанна муьтIахь а хила шу, баккъалла а,** (АллахIа) **къинхетам бийр бу шух».** *«Ан-Нур», 56.*
- **«Аш** (дикачу новкъахь) **сагIина елла хIума Цо** (АллахIа) **меттахIоттайо, Иза рицкъа лучарах уггар диканиг ву».** *«Ас-Сабаъ», 39.*
- **«Шух иймн диллинарш,** (дикачу новкъахь) **сагIанаш делларш – йоккха ял хир ю царна».** *«Аль-Хьадид», 7.*
- **«И нах бу уьш** (Ялсамане бахийтарца шайна лерам бинарш), **шайн даьхнигахь билгалдина хьакъ** (закат) **долуш,** (сагIа) **доьхучунна а, дехарх**

**ларлучунна а дӀалуш».** *«Аль-МаӀарижж», 24-25.*

- **«Баккъалла а, ма декъал хилла** (закат а луш) **цӀена Ӏамал йинарг, шен Делан цӀе а хьахийна, тӀаккха ламаз динарг. Бакъду, дуьненан дахар хоржу аш, эхарт дика а, бухадуьсур долуш а ма дара».** *«Аль-АӀла», 14-16.*

## Сийлахь долу хьадисаш

- Ибн Ӏаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), ша МуӀаз Йемен-махка вохуьйтуш, элира, аьлла: **«Хьо воьдуш ву китаб** (жайна) **шайга доссийна къам долчу. АллахӀ воцург кхин Дела вац аьлла, баккъалла а, со АллахӀан Элча ву аьлла а тоьшалла даре кхайкха ахь уьш. Нагахь санна уьш оцунна муьтӀахь хилахь, ахь царна хаийта, Веза-Сийлахьчу АллахӀа царна хӀора дийнахь-буса пхи ламаз дар тӀедиллина хилар. Нагахь санна уьш оцунна а муьтӀахь хилахь, ахь царна хаийта, Веза-Сийлахьчу АллахӀа царна закат дӀадалар тӀедиллина хилар – церан хьоладайшкара схьаоьцуш, тӀаккха церан къечу нахана дӀа а луш».** *Бухари, Муслим.*
- АллахӀан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шена тӀе шайн закат а дохьуш нах баьхкича, олура: **«ХӀай АллахӀ, къинхетам бехьа царах».** *Бухари, Муслим.*
- Хьиза́ман кӀанта Хьаки́ма (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда

цунна) элира, аьлла: **«ТIехула долу** (сагIа луш долу) **куьг бухахь долчу** (сагIа доьхучу) **куьйгал дика ду. Айхьа кхобуш болчарна тIера дIаволало хьо. Уггар а дика сагIа – шен хьолана тIера делларг ду. ХIума ехарх ларвелларг – АллахIа ларвийр ву; шегахь долчух кхачам бинчунна – АллахIа кхачам бийр бу».** *Бухари, Муслим.*

- Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«АллахIа шена деллачу даьхни тIера закат ца деллачунна, къематдийнахь шен шина бIаьрга тIехь Iаьржа тIеданаш болчу шеташ оьхучу текхарган суьртахь дуьхьалхIоттор ду и. Цунах хьаьрчар бу иза, цуьнан беснех кадетташ. Цо эр ду: «Со – хьан бахам бу, со – хьан хазна ю»**. Цул тIаьхьа Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дийшира: **«АллахIа Шен комаьршаллах деллачунна тIехь бIаьрмециг болчарна** (шайн даьхнина тIера закат ца луш) **ма моьттийла, и шайна дика ду. Бакъду, и царна вуон ду, къематдийнахь и цара кхоийнарг** (закат ца луш) **церан вортанах хьарчор ду»** – аьлла долу аят». *Бухари.*
- ВахIбан кIанта Хьáрисата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«СагIина хIума лолаш, баккъалла а, цхьа зама йогIур ю шуна, стаг шен сагIа** (закат) **а эцна** (и дIадала меттиг лоьхуш) **лелаш, и схьаоьцуш верг ца карош, шена и дохьуш веанчу стага олуш: «Ахь**

**и селхана деана хиллехьара, ас схьаоьцур дара иза, амма тахана суна оьшуш дац иза».** *Бухари.*

- Хьа́тиман кIанта Iадиййис (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, ша АллахIан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) волчохь а волуш, иза волчу ши стаг веара, аьлла. Цаьршиннах цхьамма шегара къелла ялхийра, вукхо – некъаш хедорца зулам дар далхийра. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Некъаш хедорах лаьцна аьлча, кIезиг йолчу заманахь бен хир дац хьуна иза; Макка йоьдуш йолу къепалш, хехой а боцуш, новкъа гIур ю. Ткъа къеллах лаьцна аьлча, къематде хIуттур ма дац, шух хIора** (стаг) **шен сагIа** (закат) **эцна** (и дIадала стаг лоьхуш) **волавелла леллалц, шегара и схьаоьцуш верг ца карош. Цул тIаьхьа шух хIора стаг АллахIна хьалха хIуттур ву, АллахIна а, цунна а юккъехь пардо доцуш, я цунна талмажалла деш талмаж а воцуш. АллахIа цуьнга хоттур ма ду: «Ас хьуна бахам ца белира?»** Цо жоп лур ду: **«Белира».** ТIаккха АллахIа юха а хоттур ду: **«Ас хьоьга Элча ца ваийтира?»** Цо жоп лур ду: **«Ваийтира». И** (стаг) **хьожур ву аьтту агIор, жоьжахатин цIе бен гур яц цунна, цул тIаьхьа и хьожур ву аьрру агIор, жоьжахатин цIе бен гур яц цунна. Шух хIора** (стаг) **жоьжахатих ларлойла, ах хурма сагIина лой а, нагахь** (сагIина яла) **иза а ца караяхь – тIаккха хаза дош алий а».** *Бухари.*
- Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна)

волчу цхьа стаг веара, цо цуьнга хаьттира, аьлла: **«ХIай Делан Элча, ял алсам йолу сагIа муьлха ду?»** Цо жоп делира: **«Ахь сагIа далар ду, хьо могуш а, сутара а, къеллах кхоьруш, хьал хиларе сатуьйсуш а волуш; тIаьхьа а ма тетта ахь, са къамкъарге кхаччалц** (валарна гергахь)**, ахь ала а олуш: «Хьенехана иза ду, минехана иза ду».** *Бухари.*

- Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ВорхI ву, АллахIа хIоттийнарг бен Iиндаг I доцчу дийнахь, оцу IиндагI кIелахь хир волуш: нийсо еш волу имам; АллахIна Iибадат деш кхиъна волу жима стаг; шен дог маьждигех хоттаделла волу стаг; АллахIан дуьхьа вовшашна дукхавезна волу ши стаг, оцу бахьаница шаьшшиъ вовшахкхеташ, оцу бахьаница шаьшшиъ дIасакъаьсташ; хаза а, ехаш а йолчу зудчо** (шеца зина даре) **шега кхайкхича, со АллахIах кхоьру, аьлла волу стаг; къайлах сагIа делла волу стаг а, аьтту куьйго луш дерг аьрру куьйгана хаа а ца хууш** (нахана гайта ца гойтуш)**; ша висинчохь АллахI хьехош шен бIаьргех хи даьлла волу къонах а».** *Бухари.*
- Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а де ма дац, шена чохь леш Iуьйранга бовлуш долу, ши малик охьадуссуш а бен, тIаккха цаьршиннах цхьамма олуш: «ХIай АллахI, сагIа луш волчунна** (даьхни)

**меттахIоттаде Ахь», тIаккха вукхо олуш: «ХIай АллахI, сецош волчунна** (даьхни) **иэшаде Ахь».** *Бухари, Муслим.*

- Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Цхьа хурма бен яцахь а,** (шен даьхних) **цIена** (хьанала) **долчух сагIа делла ма дац цхьаммо а,** (АллахI хьанала дерг бен къобал деш вац) **АллахIа къобалдарца и** (сагIа) **схьаоьцуш а бен. ТIаккха и сагIа кхуьу Къинхетаме Волчун гергахь, ламанал доккха ша хиллалц, шух цхьамма говран бекъа я эмкалан кIорни кхиорх терра».** *Бухари.*
- Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) волчу цхьа акха Iарби веара, цо элира, аьлла: **«ХIай АллахIан Элча, со Iамална тIенисвехьа, ас иза йича, со Ялсамане гIур волуш»**. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«АллахIна Iибадат де ахь, Цуьнца накъост ца лоцуш; фарз ламаз а де ахь; фарз закат а даккха ахь; Рамадан бутт а кхаба ахь»**. Акха Iарбичо элира: **«Сайн са карахь долчух дуй буу ас, со хIокхул соввер ма вац»**. Иза дIавирзича, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Ялсаманин охIланех волчу стаге хьажар шена хазахетарг – хIокху стаге хьожийла».** *Бухари.*
- Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Деши я дети долуш цхьа а да ма**

**ваţ, цунна тIера догIуш долу хьакъ** (закат) **ша дIа ца луш волу, къематдийнахь жоьжахатин тахтанашца ша тIекъовлур волуш а бен. ТIаккха жоьжахатин цIе йохийир ю цунна тIехь, цуьнца багор бу цуьнан агIо а, хье а, букъ а. Уьш шел мосазза бо, хьалхалеррачу хьоле берзор бу уьш, шен барам – шовзткъе итт эзар шо долчу дийнахь** (лешна юккъехь кхел яллалц)**. Цул тIаьхьа цунна шен некъ гойтур бу, Ялсамане я Жоьжахате боьдуш болу».** *Бухари, Муслим.*

## Хьалхара дакъа

### Закат

Iарбийн маттахь цуьнан маьIна: цIаналла, дебар а ду. Веза-Сийлахьчу Дала фарз сагIин цIе яьккхина – **закат** аьлла, догIмаш (синош) цIандеш а, даьхни дебош а иза хиларна.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Церан даьхни тIера сагIа** (закат) **схьаэца ахь, ахь уьш** (къинойх) **цIанбеш**, **уьш** (ийманехь, беркатехь а) **кхиабеш».**
*«Ат-Тавбат», 103.*

ДогIмаш, синош а цIандар нислуш ду шен дегIера сийдоцу гIиллакхаш дIадахарца: бIаьрмецигалла, сутаралла а, къизалла а, нехан даьхни даар а, берриг сийсаза белхаш а, нахана юккъе хьагI а, мостагIалла а тосуш болу.

Iеламнаха довзийтинчу маьIнехь, закат – Веза-Сийлахьчу АллахIан дуьхьа, къаьсттинчу даьхних,

къаьсттина долу дакъа – къаьсттинчу адаман доладаккхар ду, бехкамаш ларбеш.

**Доладаккхархь лууш дерг:** бусалба волчу къечу стеган кара закат дІадалар ду, цхьана а агІор ша и доладаьккхинчуьнгара пайдане сатийсар доцуш. Закат лур дац шайн дайшна а, наношна а, доьзалшна а, хІусамдас шен зудчуьнна а, зудчо шен хІусамдена а. Бакъду, хьалдолуш йолчу зудчунна суннат ду, шен хІусамдена а, иштта шен берашна а закат далар, нагахь уьш къен белахь.

**Къаьсттинчу декъах лууш дерг:** шарІо къечу нахана кхачош, шена тІера закат догІучу бараме кхаьчначу даьхнина тІера билгалбина барам бу и, оцу даьхнига хьаьжжина. Масала: итт дакъа дича, цунах доьалгІа дакъа закатна лур ду, закатан бараме кхаьчначу дешин я детин, я йохк-эцаран (махбаран) парталашна (церан мехашна) тІера.

**Къаьсттинчу даьхних лууш дерг:** шарІо ахчанна я йохк-эцарна, я ялтина, я стоьмашна, я дажош долчу даьхнина тІера билгалбина закатан барам бу и.

**Къаьсттинчу адамех лууш дерг:** сийлахьчу аято, закат дІадалар дуьйцуш, шаьш хьахийнарш бу уьш: **«Баккъалла а, сагІанаш** (закаташ) **лур ду къечу нахана, мискачарна а, царна тІехь** (уьш гулдеш, церан барам хІоттош) **болх бечарна а, дегнашка уьйр лацийтархьама а** (бусалба дине кестта баьхкинарш чІагІбеш)**, леш паргІат бахарехь а, декхар токхуш болчарна а, АллахІан новкъахь къахьоьгуш болчарна а, некъахочунна а** (карахь хІума доцуш висина волчу)**, Дала фарз дина тІедиллина иза.**

**АллахI хууш ву, хьукма** (нийса) **деш а ву».**
*«Ат-Тавбат», 60.*

Кхузахь билгалдаккха деза, бусалба дине кестта баьхкинарш чIагIбеш, церан дегнашка уьйр лацийтархьама закат лур ду, нагахь бусалба нах цаьргара гIо-накъосталла оьшуш белахь. Бакъду, нагахь бусалба нах цаьргара гIо-накъосталла оьшуш бацахь, царна хIумма а лур яц.

## ШолгIа дакъа

### Ислам-динехь закатан маьIна

**Закат** – сихонца дIадала дезаш фарз ду. Хадам боллуш долчу делилаша чIагIдина и фарз хилар:

**1. Сийлахьчу Къуръано:** Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Закат дIало аш».**

**2. Сийдолчу суннато:** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Ислам** (бусалба дин) **пхеа хIуманна тIедоьгIна ду: АллахI воцург кхин Дела вац, Мухьаммад – АллахIан Элча ву аьлла, тоьшалла дарна; ламаз хIоттадарна а; закат даларна а; Рамадан** (мархин бутт) **кхабарна а; ХьаьжцIа вахарна а - некъан агIорхьара ницкъ кхочуш волчунна».**

**3. Iеламнехан цхьабарт хиларо**: Закат фарз хиларна тIехь Iеламнехан цхьабарт бу, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманера дуьйна таханлера дийне кхаччалц. Закат – Исламан пхеа

рукнах цхьа рукна ю, и харцйинчунна а, цунна инкарло йинчунна а керсталла тIедогIуш, и ца луш вухакхеттачунна Iазап а хир долуш. Веза-Сийлахьчу Дала бусалба нахе 32 меттехь омра дина, закат дIало аьлла. Къуръана чохь цхьа а аят деана дац, бусалба нахе, ламаз де аьлла, кхайкхам беш, закат дIало аьлла болу кхайкхамбар цуьнца цхьаьна хуттуш а бен. Баккъалла а, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), закат далар дитинчунна кхерам а луш, дIахаийтина, йокъа хIуттур ю, хала дахар хир ду, аьлла. Цо аьлла: **«Закат далар дуьтур ма дац цхьана а къомо, стигалара догIа дар царна сацош а бен. Мотт цахуу хьайбанаш дацахьара, догIа догIур ма дацара царна».** *ТIабарани.*

Абу Бакр Сыддикъан а, хьалдолуш болчу асхьабийн а (Дела реза хуьлда царна) цхьа ойла хилла, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кхелхинчул тIаьхьа закат даларх бухакхеттачарна дуьхьал тIом бан беза, аьлла. Кхунах вайна билгалдолу:

1. Закат – хIоранна тIедиллина фарз ду, хьалдолчаьргара схьаоьцуш, къечу нахана дIалуш а. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) МуIазе (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Церан хьоладайшкара схьаэца и** (закат)**, церан къечу нахана дIало иза».**

2. Закат – къаьсттина стага шегара деш дика дац, оцу закате хьашт болчарна сийсазалла, юхьIаржо а тIейохьуш, бакъду, иза – царна билгалдина хьакъ ду, пачхьалкхо ша лардеш а, тидаме лаьцна а долуш.

# Кхоалгӏа дакъа

## Закат фарз деш болу бехкамаш

Закат далар важиб хуьлу хӏокху бехкамашца:

**1. Бусалба хилар.** Керста стагана важиб дац закат далар (дуьнен чохь иза хьовзор волуш).

**2. Даьхни закат даларан бараме кхачар.** Барам – шарӏо дозатоьхна мах хӏоттабар ду, даьхних хӏора тайпа билгалдеш: ахчанаш, йохк-эцарш, ялта, стоьмаш, дажош долу даьхни а. Тӏаьхьа уьш хӏора а къаьсттина билгалдийр ду, Дала мукъалахь. Закат даларан бараме кхаьчна доцчу даьхни тӏера закат ца догӏу.

**3. Даьхни долахь а долуш, дуьззина хӏижрийн шо далар.** Даьхнина тӏера закат ца догӏу, бусалба стеган карахь иза долуш дуьззина шо кхаьчна дацахь. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Даьхни тӏера закат ца догӏу, оцу тӏехь шо кхаьчна дацахь».** *Абу Давуд.*

Хӏокху бехкамна юкъарадоккху ялта а, стоьмаш а, пайде маьӏда а (полезное ископаемое), хазна а (клад). Царна тӏера закат даккхарехь шо дузар бехкам бац. Ялта чудерзорца а, стоьмаш схьалахьадарца а, пайде маьӏда а, хазна а шена кара ма-йиннехь (шо кхаччалц ца ӏаш), сихха, царна тӏера закат дӏадала деза.

## <u>ДоьалгIа дакъа</u>

### Закат дIадала билгалйина хенаш

- Йохк-эцарна, дажош долчу даьхнина, дешина, детина а тIера закат дIалур ду шарахь цкъа, даьхни долахь а долуш, дуьззина хIижрийн шо даьлча. Цунна мегар дац тIедогIучу шаре кхаччалц и закат тIаьхьататта. Нагахь цо закат ца луш ши шо даьллехь, баккъалла а, Iеса хиларца къа дина цо, шина шеран закат дIадала а деза цо закатан бехкамаш ларбеш.
- Ялтина а, стоьмашна а тIера закат дIалур ду уьш схьалахьийначул тIаьхьа. Цхьана шарахь и ялта а, стоьмаш а масийттазза кхуьуш делахь а, царна тIера закат духа а дала деза. Цуьнгахь бехкам бу и, ялта а, стоьмаш а закатан бараме кхачар. ДогIанца я татолан хица уьш кхиънехь, церан уьтталгIа дакъа (10 %) закатна далар важиб ду. Нагахь санна царна хиш дохкучу гIирсашца (чкъург хьовзош, гIу чуьра хи хьаладоккхуш, я моторца хи озош) хи дуьллуш хиллехь, уьтталгIачу декъан ах (5 %) закатна далар важиб ду.
- Даьхни долчунна шен закат шо дузале хьалха дIадала лиъча, тIаьхьабогIу бехкамаш ларбийр бу:

**1. Шен долахь даьхни дерг шо дуззалц закат важиб хиларан охIла волуш висар ду.** Нагахь шо дузале закат важиб хиларан охIла волчуьра и дIавалахь – масала, шо дузале кхалхарца – шо дузале цо дIаделла даьхни закатах лорур дац. Иштта хьал хилча, цуьнан верасан бакъо ю и даьхни духадерзо, нагахь санна дIалучу хенахь схьаоьцуш волчунна довзийтина хиллехь, цунна

луш дерг шо дузале хьалха луш долу закат хилар.

**2. Цуьнан даьхни шо дуззалц закатан барамехь дисар ду.** Цо даьхни хIаллакьдинехь я, йохк-эцар лелорехь доцуш, шен гIуллакхана доьхкинехь – цо шо дузале хьалха дIаделла даьхни закатах лорур дац. Иштта хьал хилча, цуьнан бакъо ю и даьхни духадерзо, нагахь санна дIалучу хенахь схьаоьцуш волчунна довзийтина хиллехь, цунна луш дерг шо дузале хьалха луш долу закат хилар.

**3. Шо дузале хьалха закат схьаэцнарг шо дуьзча а шена закат догIуш хилар ду.** Нагахь санна шо дузале хьалха цуьнан хьал хийцаделлехь, закат догIучу хьолера иза дIаволуш, закат бахьанехь а доцуш кхечу бахьанаца шен хьал тодаларца я бусалба динах иза вухакхетарца, я муьлххачу закат догIучу хьолера иза дIаволучу хIуманца – шо дузале хьалха цунна дIаделла даьхни закатах лорур дац.

Иштта хьал хилча, шо дузале хьалха луш долу закат схьаоьцуш верг шо чекхдолуш шена закат догIучу хьолера дIаваьллехь, даьхни долахь долчунна важиб ду шозлагIа а шен даьхнина тIера закат дIадала. Ша закат дIалучу хенахь, схьаоьцуш волчунна цо довзийтина хиллехь, цунна луш дерг шо дузале хьалха луш долу закат хилар, цуьнан бакъо ю и духадерзо. Нагахь довзийтина ца хиллехь, цуьнан бакъо яц и схьадеха.

# Пхоьалгlа дакъа

## Закат дlадаларан некъаш

Закат дlалучу хенахь ниййат дар важиб ду. Закат доккхуш волчо ниййат дийр ду къечу стаге я шен векале закат дlалуш. Закат доккхуш волчо дина ниййат кхачаме ду, векало ша къечу стаге закат дlалуш ниййат ца дахь а. Амма дезох дерг – векало а ниййат дар ду. Схьаоьцуш волчу къечу стагана и закат дуй хаар я цунна хаийтар а бехкам бац.

Билгалдаккха деза, закатана дlадала даьхни дlакъастадарца закат доккхуш волчунна тlера важиб дla ца долу, цо и къечу стагана дlакхачадаллац. Нагахь цхьамма шо дуьзначул тlаьхьа шен даьхни тlера догlу закат дlакъастийнехь, цул тlаьхьа и дlадала аьтто а болуш цо ледарло яр бахьанехь и хlаллакьхиллехь, я лачкъийнехь, я дайнехь, закат тlера ца долу цунна. Цунна тlехь важиб ду, оцу дайначу даьхнин меттана къечу стагана кхин даьхни дlадалар. Цунах терра ду, и даьхни векалан карахь долуш дайнехь, цо и къечу стагана дlадалале хьалха, даьхни долчунна закат тlера ца долу. Амма шо дуьзначул тlаьхьа дlадала аьтто балале даьхни хlаллакьхиллехь я лачкъийнехь, я дайнехь, оцу даьхни меттана къечу стагана кхин даьхни дlадалар важиб дац цунна тlехь.

Даьхни долчо шен векале омра динехь, шен закат къаьсттина цхьана стагана дlало, аьлла, тlаккха векало и кхечунна дlаделлехь – токхур ду цо и, цо дlаделларг сагlа лорур ду. Векална тlедужу шен даьхних закатан барамехь долу даьхни оцу билгалваьккхинчу стагана дlадалар.

## Йолхалгӏа дакъа

### Шена тӏера закат далар важиб долу даьхни

Шена тӏера закат важиб долчу даьхнино юкъалоцу:

1) Массо тайпана долу ахчанаш; деши, дети, кехатан ахча (сом, доллар, евро…)

2) Йохк-эцар лелоран парталш (товараш); цо чулоцу йохк-эцар лелош болчара шеца са яккха кечйина йолу массо хӏума (товар), церан тайпанаш, дакъош тайп-тайпана делахь а. Закат далар тӏедужу, церан мах закат даларан бараме кхаьчнехь, шо а даьллехь.

3) Дажош долу даьхни; цо чулоцу – эмкалш, бежанаш, гомашаш, уьстагӏий, гезарий.

4) Ялта (кӏа, мукх…); стом (хурманаш, кемсаш а).

5) Пайде маьӏда (полезное ископаемое), хазна (клад).

## Шена тӏера закат догӏу даьхни билгалдар

### Дешина тӏера луш долу закат

Дешина тӏера закат ца догӏу, 85 грамм бараме и кхаччалц. Деши оцу бараме кхаьчнехь, оцу барамал охьа ца долуш цхьа шо хан а яьллехь – цунна тӏера 2,5 % закатна дала деза.

### Детина тӏера луш долу закат

Детина тӏера закат ца догӏу, 672 грамм бараме иза кхаччалц. Дети оцу бараме кхаьчнехь, оцу барамал охьа ца долуш цхьа шо хан а яьллехь – цунна тӏера 2,5 % закатна дала деза.

## Ахчанна тIера луш долу закат

Дешин а, детин а болчу закатан барамашна юккъехь йоккха башхалла го вайна. Бакъдерг аьлча, и башхалла хIоьттина ю заманаш хийцаяларе, дешин а, детин а мехаш хийцабаларе хьаьжжина. Цаьршингахь коьрта лоруш дерг – 672 грамм мах ахчанца дуьстича, 85 грамм дешин мехаца дIанисдалар ду. Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманахь шарIо закат далар билгалдинчу хенахь иштта хилла иза.

ХIокху заманахь болчу наха дешин а, детин а ахча леладар кIезиг ду. Цуьнан меттана цара юкъадаьккхина кехатан ахча, дешин я детин а доцуш кхечу эчиган ахча (монеташ) – никелах, цIестанах дерш санна, иштта кхечу пачхьалкхан ахчанаш (фунташ, долларш, евро). Царах муьлхха дакъа схьалаьцча а, церан закатан барам лорур бу дешин закатан барамца, царна тIера закат дIалур ду, дешина тIера закат дIадаларх терра. Муьлхха а пачхьалкхо ша арахецначу ахчанан бараме хьаьжжина банке охьаюьллуш ю дешин тIаьхьало (золотой запас). Цундела дешин я детин ахчанна тIера санна, шен доларчу кхидолчу ахчанна тIера (сом, доллар, евро, фунт, и санна дерш) закат дала деза. Масала, цхьа грамм дешин мах 2 000 сом (рублей) хилча, шена тIера закат догIуш болу шарIо билгалбина барам – 170 000 сом хуьлу, цуьнан 2,5 % – 4 250 сом хуьлу.

## Йохк-эцар лелоран парталшна тIера луш долу закат

Йохк-эцаран парталшна тIера закат далар важиб ду, нагахь шо чекхдолуш цуьнан мах дешица буьстича

закатан бараме кхаьчнехь. Шеран юккъехь церан мах закатан барамал эшар я парталш хийцар а тидаме лоцур дац.

Закат дӀалур ду дерриг даьхни тӀера, цо чулоцу: даьхнин корта (капитал), тӀеяьлла са а (прибыль). Закат дӀалучу хенахь парталан (товаран) болу мехаш лорур бу, и оьцучу хенахь белла мах ца лоруш.

Шен мах хадийна йолчу парталшна (товар) тӀера цуьнан мах закатна балар важиб ду, парталех йолу хӀума (кӀади, мачаш, шекар, бепиг, и саннарш) закатна яларо кхачам бийр бац.

## **Дажош долчу даьхни** (эмкалш, бежнаш, жа) **тӀера луш долу закат**

Дажош долчу даьхни тӀера закат далар важиб дац, нагахь цуьнгахь хӀара тӀаьхьабогӀу бехкамаш кхочушхилла бацахь:

1) Шарахь дукхахйолчу хенахь даьхни дажо хьанала йолчу меттехь и дажийна хилар. Нагахь шеран дукхах йолчу хенахь даьхни долчо даьхнина хьалха докъар дуьллуш хиллехь, царна тӀера закат ца догӀу. Бусалба дин даьхни долчунна хало еш дац, шен даьхнина докъар латтор а, цунна тӀера закат дӀадалар а цунна тӀедуьллуш, нагахь йохк-эцаран ниййатца цо и кхобуш дацахь. Бакъду, йохк-эцаран ниййат долуш цо и кхобуш делахь, йохк-эцарна тӀера луш доллу закат лур ду цунна тӀера.

2) Шура хилийта, дебийта а, дарстадан а даьхни дажийна хилар. Закат важиб хиларехь, даьхни боьрша

я стен хилча а башхалла яц. Амма и даьхни дустош делахь, цунна тIехь мохь дIасакхехьа, я тIехаа, я шайна напха латто а – цунна тIера закат ца догIу, иза цуьнан коьртачу хьаштех лоруш долу дела.

**Хьайбанийн хIораннан шен-шен закатан барам бу, и хьайбанаш оцу бараме ца кхаьчча, закат важиб ца хуьлуш:**

**Эмкалш.** Цо чулоцу боьрша а, стен а эмкалш. Царна тIера закат ца догIу, уьш пхеа эмкале кхаччалц. Пхеанна тIера иссанга кхаччалц уьш елахь, лакххахь вай бийцина бехкамаш а цаьргахь белахь, царна тIера закатна лур бу шо кхаьчна болу уьстагI (я ши шо кхаьчна газа). Башхалла яц, луш болу уьстагI боьрша я стен хиларх.

10 - 14 эмкална тIера ши уьстагI лур бу.

15 - 19 эмкална тIера кхо уьстагI лур бу.

20 - 24 эмкална тIера биъ уьстагI лур бу.

25 - 35 эмкална тIера шолгIачу шаре яьлла эмкал лур ю.

36 - 45 эмкална тIера кхоалгIачу шаре яьлла эмкал лур ю.

46 - 60 эмкална тIера доьалгIачу шаре яьлла эмкал лур ю.

61 - 75 эмкална тIера пхоьалгIачу шаре яьлла эмкал лур ю.

76 - 90 эмкална тIера кхоалгIачу шаре яьлла ши эмкал лур ю.

91 - 120 эмкална тIера доьалгIачу шаре яьлла ши эмкал лур ю.

121 - 129 эмкална тIера кхоалгIачу шаре яьлла кхо эмкал лур ю.

Цул тIаьхьа 130 эмкал я цул сов хилча, хIора 40 эмкална тIера кхоалгIачу шаре яьлла эмкал лур ю, хIора 50 эмкална тIера – доьалгIачу шаре яьлла эмкал лур ю.

**Бежанаш.** Цо чулоцу бежанаш а, гомашаш а. Царна тIера закат ца догIу, шарахь дукхах йолчу хенахь дажош а долуш, уьш 30 бежане я 30 гомаше кхаьчна дацахь. 30 бежана я цул сов делахь (39 бежанна тIе кхаччалц), вай лакхахь бийцина бехкамаш а цуьнгахь белахь, царна тIера закатна шо кхаьчна таргIа я шинара лур ду. 40 - 59 бежанна тIера ши шо кхаьчна шинара лур ду.

Цул тIаьхьа 60 бежана я цул сов хилча, хIора 30 бежанна тIера шо кхаьчна таргIа я шинара лур ду, хIора 40 бежанна тIера – ши шо кхаьчна шинара лур ду.

**Жа.** Цо чулоцу уьстагIий а, гезарий а. Царна тIера закат ца догIу, шарахь дукхах йолчу хенахь дажош а долуш, 40 уьстагIе я газане уьш кхаьчна дацахь. 40 уьстагI я цул сов белахь (120 уьстагIна тIе кхаччалц), вай лакхахь бийцина бехкамаш а цуьнгахь белахь, царна тIера закатна лур бу шо кхаьчна уьстагI (я ши шо кхаьчна газа). Нагахь уьш оцу барамал сов хилахь, цуьнан закат хIокху кепара хир ду:

121 - 200 уьстагIна тIера – 2 уьстагI лур бу.

201 - 300 уьстагIна тIера – 3 уьстагI лур бу.

400 уьстагIна тIера – 4 уьстагI лур бу. Цул тIаьхьа, оцу 400 уьстагIна тIе цхьа бIе уьстагI мосазза кхийти, оцу 4 уьстагIна тIе цхьацца уьстагI кхета.

***Билгалдаккхар.*** Шина нисабана (закатан барамна) юккъехь долчу даьхнина тIера закат ца догIу. Масала, эмкалшна тIера закат далар важиб дац, уьш пхеа эмкале

кхаччалц, тӀаккха царна тӀера шо кхаьчна уьстагӀ ло. ХӀара эмкалийн хьалхара нисаб ду. Эмкалш иттанга кхаьчча, царна тӀера ши уьстагӀ ло. ХӀара эмкалийн шолгӀа нисаб ду. Хьалхарчу нисабна (иза 5 эмкал ю), шолгӀачу нисабна а (иза 10 эмкал ю) юккъехь долчу даьхнина тӀера закат ца догӀу. Нагахь эмкалш ялх, я ворхӀ, я бархӀ, я исс елахь а, царна тӀера цхьа уьстагӀ лур бу, церан хьалхарчу нисабна (5 эмкална) тӀера луш болу. Нисабал сов долу даьхни хӀаллакьхиларх, важиб долчух хӀумма а тӀера ца долу. Эмкалш шолгӀачу нисабе (иттанга) кхаьчча, важиб совдолу, ши уьстагӀ лур бу закатна.

## Ялтина а, стоьмашна а тӀера луш долу закат

Ялтина а, стоьмашна а тӀера закат далар важиб ду, нагахь и ялта я стоьмаш наха бууш болуш, дӀабиллина латторх телхаш боцуш белахь. Стоьмех шайна тӀера закат догӀурш – хурманаш а, кемсаш а ю. Ялтех шена тӀера закат догӀурш – кӀа а, мукх а, дуга а, кхоьш а (горох), хьозанан кхоьш а (чечевица), хьаьжкӀаш а, и саннарш а ю. Ялтина а, стоьмашна а тӀера закат ца догӀу, закатан бараме уьш кхаьчна дацахь – 720 кийла. Дерриг ялта а, стоьмаш а, татолан хи дилларца я деанчу догӀанца кхиъна делахь, царна тӀера уьтталгӀа дакъа (10 %) закатна дала деза. Хиш дохкуш болчу гӀирсашца (моторца) хи дуьллуш хиллехь, я, гӀу чуьра хи хьаладоккхуш хиш дохкуш хиллехь, уьтталгӀачу декъан ах (5 %) закатна лур ю, цуьнгахь (догӀанца я татолан хица хиш дахкарал а) харжьяр алсам долу дела.

***Билгалдаккхар.*** Зудчун долахь болчу хӀазаршна

(браслеташ) я мухIаршна, я чIагаршна, я кхийолчу дешин, детин а хазаллашна тIера закат ца догIу, уьш закатан бараме кхаьчнехь а.

ЖовхIаршна а, мехала тIулгашна а тIера закат ца догIу, эзарнашкахь уьш делахь а, нагахь уьш духкушоьцуш лелош дацахь.

Деши, дети, дажош долу даьхни а доцуш, кхийолчу хIуманашна тIера закат лур ду, нагахь уьш юхкушоьцуш лелош елахь. Масала, нагахь цхьамма латта эцча, и дохка ниййат долуш, цо и дIадийна дацахь, амма шен аьтто баларца цо шена тIе са а йоккхуш и духкур долуш делахь, я цо цIенош доьгIнехь, шена тIе са а йоккхуш уьш дохкархьама – цо царна тIера закат доккхур ду, хIунда аьлча уьш йохк-эцаран парталш санна хуьлу дела.

## Пайде маьIданна а, хазнина а тIера луш долу закат

Кхузахь дуьйцург – лаьттан бухара схьадоккхуш долу деши а, дети а ду. Нагахь и шиъ, шайх ийна йолу совнах хIума дIа а йоккхуш, лаьттах схьадаьккхина делахь – иза маьIда ю. Амма бусалба дин тIедале хьалха цхьамма лаьттах доьллина и шиъ делахь – иза хазна ю.

Бусалба дин тIедеанчул тIаьхьа и лаьттах доьллина хилар билгалдаьллехь – иза дайначу даьхнех лоруш ду, цуьнан шен къаьсттина хьукманаш а ду, яйна хIума юьйцучу декъехь билгалдина долу.

Хьарисан кIанта Билала (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: **«Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **закат схьаийцира Къабалийят**

**олучу юьртарчу маьIданашна тIера».** *Абу Давуд, БайхIакъи, Хьаким.*

Имам Нававис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Умматан Iеламнехан цхьабарт бу, маьIданна тIера закат далар важиб хиларехь».** *Аль-МаджмуI.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Хазнина тIера пхоьалгIа дакъа закатна дала деза».** *Бухари, Муслим.*

Пайде маьIданна тIера закат даларан барам – дешин а, детин а берриг бу: иза 85 грамм деши я 672 грамм дети хилар ду. Оцу пайде маьIданна тIера, деши делахь я дети делахь а, шена кара ма-йиннехь (шо кхаччалц ца Iаш) сихха 2,5 % закатна дала деза.

Хазнина тIера закат даларан барам дешин а, детин а берриг бу. Хазнина тIера закат сихха, и хазна шена кара ма-йиннехь дIадала дезаш ду (шо кхаччалц ца Iаш). Хазнин 20 % (пхоьалгIа дакъа) закатна дIаяла еза.

## ВорхIалгIа дакъа

### Закат шена догIуш верг, догIуш воцург а

***Закат шена догIуш верг.*** Бусалба дино закатан болх даьхни долчун карахь битина бац. Цо закат дIалуш йолу меттигаш билгалйина Сийлахьчу Къуръана чохь. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, сагIанаш** (закаташ) **лур ду къечу нахана, мискачарна а, царна тIехь** (уьш гулдеш, церан барам хIоттош)

**болх бечарна а, дегнашка уьйр лацийтархьама а** (бусалба дине кестта баьхкинарш чІагІбеш)**, леш паргІатбахарехь а, декхар токхуш болчарна а, Делан новкъахь къахьоьгуш болчарна а, некъахочунна а** (карахь хІума доцуш висина волчу)**; Дала фарз дина тІедиллина иза. АллахІ хууш ву, хьукма** (нийса) **деш а ву».** *«Ат-Товбату», 60.*

Вай хІинца кхачам боллуш билагалдийр ду хІора тайпа:

***1. Къен стаг.*** Шен коьрта хьашташ (яахІума, тІедуху духар а, чохь ваха хІусам а) кхочушдан оьшуш долу даьхни доцуш верг ву иза. Масала, юккъерчу барамехь хене вала цхьана баттахь итт эзар сом оьшу цунна, амма диъ эзар бен кара ца догІу цунна.

***2. Миска стаг.*** Шен коьрта хьашташ кхочушдан даьхни долуш верг ву иза, делахь а цо шена кхачам ца беш. Масала, юккъерчу барамехь хене вала цхьана баттахь итт эзар сом оьшу цунна, амма бархІ эзар бен кара ца догІу цунна. Къечарна а, мискачарна а тоам хинболчу барамехь дерг лур ду.

***3. Закатна тІехь болх беш верг.*** Закат гулдеш, цуьнан барам хІоттош а волу белхахо ву иза. Цо чулоцу саІий а (дажош долчу хьайбанашна тІера закат гулдеш, тайпанашна юккъехула лелаш верг), Іашир а (ялтина а, стоьмашна а тІера закат гулдан пачхьалкхо билгалваьккхина стаг). Цунна а, цунна гІо деш болчу накъосташна а юккъерчу барамехь царна кхачам беш дерг лур ду. Закатна тІехь болх беш волчунна, иза

хьалдолуш велахь а, закат дала мега, хIунда аьлча оцу балха тIехь цо къахьегна дела.

***4. Дегнашка уьйр лацийтархьама.*** Бусалба дин тIеэцна, амма ийман ледара долуш берш бу уьш. Царна закат лур ду, уьш бусалба динехь чIагIбаларе догдохуш.

***5. Леш паргIатбахарехь.*** Маха такхарца цуьнга ша маьршаваккхийта шен элаца барт бина лай ву кхузахь вуьйцург. Лай волчура иза хьалхаваккха закатах даьхни лур ду цунна. ХIара ду-кх дукхахболчу Iеламнаха **«Леш паргIатбахарехь»** бохучу Делан дешан дина маьIна. Царах ву Хьасан Аль-Басри (Дала къинхетам бойла цунах), баккхийчу табиIинех ша хилла волу. Дозалла дарца билгалдаккха лаьа, уггар хьалха лай паргIатвитарехь кхайкхам бинарг бусалба дин хилар.

***6. Декхар токхуш берш.*** Декхархо – иза, шена тIехь долчу декхаран барамал совдаьлла шен долахь даьхни а доцуш, шех декхар хьаьрчинарг ву. И санначунна закат далар гIоли ду, декхарийлахь воцчу къечу стагана лучул а, хIунда аьлча цунна и алсам оьшу дела. Цуьнан дакъош ду:

1) Цхьа дакъа ду, сонта хиларна а, Дела реза воцчу кепара даьхни дохкарна а шаьш декхаре боьлхуш, тIаккха шаьш даьккхина декхар хьаналчу новкъа а, хьарамчу новкъа а хьовзош. Дукхахболчу Iеламнаха декхар дIатакхха царна закат лур дац аьлла, нагахь уьш дохко а бевлла, Дела реза волчу новкъа ца бовлахь.

2) Шен маслаIатна декхар доккхуш верг хуьлу, хьанала йохк-эцар лелош верг санна, декхар ца даьккхича шен болх дIа ца боьдуш. Амма и декхар даьккхинчул тIаьхьа

зен а хуьлий, цуьнан даьхних декхар хьаьрча, дерриг даьхни дIаделча а декхарх хьалха ца волуш. Иштта хьал хилча, декхар дIатакха цуьнан ницкъ ца кхачахь, цунна закат лур ду.

***7. Делан новкъахь къахьоьгуш берш.*** Царах хIоранна закат лур ду, цунна а, цуьнан доьзална а юккъерчу барамехь хене бовла кхачам бийрриг.

***8. Некъахо.*** Кхузахь вуьйцург хьанала новкъа воьдург ву, шен махка дIакхача шен карахь даьхни доцуш волу (и Iаш волчохь цуьнан даьхни делахь а). Цунна лур ду шен махка дIакхача цунна кхачам беш дерг, цул совнаха ца луш. Некъахочунна мегар ду, шен ницкъ кхачахь, юхалург хIума яккха, амма цунна тIедужуш дац иза, и дIадала гIорасиз хила тарлуш долу дела. Некъахо шен даьхнина тIекхаьчча, шена деллачу закатах бухадиснарг юхадерзор ду, новкъахь цо и кхоийнехь я ца кхоийнехь.

***Билгалдаккхар.*** ХIара вай дийцина долу дерриг а тайпанаш карош делахь, царах цхьа а юкъара ца доккхуш, массо а тайпанна закат далар важиб ду.

– Нагахь царах цхьа тайпа доцуш делахь, цунна догIу дакъа дисинчу тайпанашна юкъахь доькъур ду.

– Нагахь царах цхьана тайпанан дакъа царна оьшучу барамал совдаьллехь, дисинчу тайпанашна юкъахь доькъур ду иза.

– Карош долчу тайпанашна юкъахь закат декъарехь нийсо йийр ю, церан хьашташ цхьатера дацахь а. Бакъду, цхьана тайпанах болчу къечарна юкъахь закат декъарехь нийсо яр бехкам бац, цхьаболчарна алсам

дала мегаш ду.

– Нагахь шайна закат догIуш берш дукха белахь, закатан даьхни кIезиг а долуш, кхаа стагана делчи а важиб кхочуш хуьлу.

– Цхьана юьртара кхечу юьрта закат дахьар магийна Iеламнаха. Кхечу юьртара гергарчунна я тIех къен волчунна, я тIех дика волчунна, я Делах чIогIа кхоьруш волчунна, я бусалба нахана алсам пайде волчунна, я Iилма лоьхуш волчунна, я дуьне дIатесна волчунна закат дахьийтар а дика ду.

## Закат дIадала цамегарш

1. Бусалба воцчунна закат дала мегар дац, бусалба болчу къечу нахана дIало аьлла, Дала омра дина дела.

2. Закат лур дац маьждиг догIа, тIай тилла а, хи далон а, некъаш тодан а, татолаш ахка а, ХьаьжцIа ваха а, веллачунна тIера декхар такха а, иштта йолчу меттигашкахь даьхни доладаккхар доцу дела.

3. Закатан даьхница хьалхавита лай оьцур вац, иза даьхни дохкар долу дела, даьхни доладаккхар а доцуш.

4. Хьалдолчунна закат лур дац, нагахь иза закат гулдеш волу белхахо вацахь.

5. Закат доккхуш волчо шен закат лур дац шен дайшна, наношна а, уьш мел хьалабовлуш белахь а (да, деда, денана а санна), я шен берашна а, берийн берашна а, уьш мел охьабовлахь а. Бакъду, суннат сагIа даларехь хьалхе цаьргахь ю, кхиболчу нахал а.

6. Закат лур дац хIусамдас шен зудчунна. Бакъду, хьалдолуш йолчу зудчунна суннат ду шен хIусамдена

закат далар, нагахь иза къен велахь.

7. Закат лур дац хьалдолчун берана, иза пхийттара даланза жима делахь, хIунда аьлча цуьнан да хьалдолуш хилча, и бер хьалдолчарах лору. Амма нана хьалдолуш хиларх бер хьалдолчарах ца лору. Хьалдолуш йолчу ненан берана закат дала мегаш ду, нагахь и бер къен делахь. Бакъду, пхийттара ваьллачу къечу стагана закат догIу, цуьнан да хьалдолуш хиларх а, нагахь иза шен дас напха латтош вацахь.

8. Яханчу заманахь закат луш ца хилла Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цIийнах болчу нахана, цуьнан метта хIонсах пхоьалгIа дакъа луш хилла царна. Бакъду, хIокху заманан Iеламнаха сацам бина, царна закат далар мегаш ду аьлла, нагахь уьш шайна закат догIучеран могIарехь белахь. ХIунда аьлча царна хIонсах луш хилла долу пхоьалгIа дакъа дIахаьдда, ткъа закат ца луш битича, уьш зен барна кхерам бу.

9. Деккъа буобер ду аьлла закат дала мегар дац, нагахь иза Къуръано билгалдинчу тайпанашна юкъадогIуш дацахь.

10. Закат дIалуш волчунна мегар дац декхархочо шена схьадала деза декхар закатна дуьхьал дIалара, и декхархо къен стаг велахь а. Бакъду, шех декхар хьаьрчина волчу къечу стагана декхаран барамехь долу закат дIа а делла, цул тIаьхьа цуьнгара шен декхар схьадеха бакъо ю цуьнан. Цунна закат дала мегаш хиларан бахьана – декхар токхуш верг вай лакхахь дийцина шайна закат догIучу тайпанашна юккъавогIуш хилар ду. Цуьнгара декхар схьадеха мегаш хиларан

бахьана – декхархочунна шена тӀехь долу декхар такхар важиб хилар ду.

## БорхӀалгӀа дакъа

### Закат луш волчо тергалдан дезаш долу гӀиллакхаш

1. Закат нахана гуш далар, нагахь и закат луш верг наха шегара масал оьцуш дика стаг велахь.

2. Шен закатан мела (тӀехдеттарца а, Ӏиттарш ярца а) эша ца бар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХӀай ийман диллинарш! Шайн сагӀанаш** (церан мела) **доха ма де аш тӀехдеттарций а, халахетар дарций а».**
*«Аль-Бакъарат», 264.*

ТӀехдеттар хуьлу и хьехадарца, я ша закат деллачуьнгара шена дика болх лахарца, я ша и делла аьлла цунна хьалха куралла ярца, я закат дӀалуш волчунна ша къечу стагана дика болх бина, цуьнан дахар ирсе дина, аьлла хетарца. Муххале а, шен даьхни а, са а цӀандеш долу, жоьжахатих ша кӀелхьаравоккхуш а долу закат шегара схьаоьцуш волу къен стаг шена дика болх бийриг вуйла хаа дезара цунна.

Халахетар дар хуьлу закат схьаоьцуш верг къен ву бохуш цунна дуьхьалдеттарца, я и чехаварца, я хӀума ехар бахьанехь цуьнга бехкаш бахарца, я закат дӀалуш волчунна къечу стагал а ша дика хетарца. Къен хиларан дозалла девзаш, хьалдолуш хиларан кхерам бевзаш а и велахьара, къен стаг сийсаза хетар вацара цунна, мелхо а, цуьнан дарже сатуьйсур дара цо. Цо сатуьйсур муха

дацара, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цуьнан хьокъехь аьлла хилча: **«ХIай АллахI, миска волуш вахар а ло Ахь суна, миска волуш валар а ло Ахь суна, мискачу нахаца гIатта а ве Ахь со».** ХIара къечу нехан сийдарехь лакхара барам бу, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) гойтуш долу доккха масал а ду, шена къен нах а, миска нах а безаш хиларехь, цаьрца ша къинхетаме а, церан лерам беш а хиларехь.

3. Ша луш ерг кIезиг хетар, хIунда аьлча цунна и йоккха хетча, цунах тамаша бийр бу цо. Тамаша бар – хIаллакхвечу балхах ду, иза Iамалш йохош а ду.

4. Шен даьхнина юкъара цо харжар ду дика а, хьанала а, шеко йоцуш а, шена дукхадезаш а, ша лерам беш а, цIена долу а даьхни. Веза-Сийлахь волу Дела цIена ву, цIена дерг бен къобал деш вац Иза. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай ийман диллинарш! СагIина** (закатна) **ло шаьш гулдинчух а, Оха шайна лаьттах схьадалийтинчух а цIена дерг. Шаьш закат луш шун Iалашо ма хуьлийла ледарниг яла, шу шаьш а ма дац шайна и** (ледарниг) **елча схьаоьцур долуш, бIаьргаш хьаббина а бен. Шуна хаалаш, АллахI хьалдолуш** (цхьана а хIумане хьашт воцуш)**, хастаме а хилар».**

5. Шен закат дIадала цIена нах харжар:

– Делах кхоьруш болу миска нах, оцу даьхница Делах кхерарна тIехь уьш гIо лохуш болу дела. И закат хуьлу Далла Iамал ярна тIехь уьш чIагIбеш а, царна гIо деш а.

– Iилма Iамош болу миска нах, Iилма лахар бахьанехь рицкъа лахарх дIахаьдда болу. Iилма Iамор – Iибадатех

уггар сийлахь дерг ду. Царах цхьаъ рицкъа лохуш болх бан воьлча, Іилма лаха, и Іамо а хан хир яц цуьнан.

– Шайн къелла-мискалла хьулъеш берш, шайгара къелла нахе кхайкха а ца еш я балхам а ца беш болу. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ца хуучунна моьттур дара уьш хьалдолуш бу – хІума ехарх уьш ларбаларна. Уьш бевзар бара хьуна царна тІехь йолчу билгалонца, нахе йоьхуш бацара уьш къар ца луш».**

– Доьзал боккха хиларна и кхаба аьтто боцурш, я цамгар-бала хьоьгуш берш, я къаналлийна кІелбиснарш, я муьлххачу бахьанца чохь биснарш.

– Вежарий, йижарий а, тІаккха церан бераш, тІаккха гергарнаш, тІаккха лулахой, тІаккха шен урамехь берш, тІаккха юьртахой, цуьнца закат далар а, гергарло хоттар а долу дела.

## УьссалгІа дакъа

### Къечу стага тергалдан дезаш долу гІиллакхаш

**1. Закат схьаэцца бакъо яларца АллахІа шена дика диний хаар, оцу даьхница цо Далла муьтІахь хиларна тІехь гІо лахар а.** Нагахь цо ша схьаэцна закат Іесачу новкъа хьовзадахь, Веза-Сийлахьчу АллахІна шукра дар дитинарг ву иза.

**2. Шена закат деллачунна баркалла алар, цунна диканца доІа дар а.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Нахана шукра деш**

**воцчо Далла шукра дийр дац».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) юха а аьлла: **«Шайна дика болх бинарг резавелаш, и резаван шайн ницкъ ца кхачахь, аш цунна диканца доIа делаш, шаьш цунна кхоччуш бекхам биний шайна хаъалц».**

**3. Ша схьаоьцург муха даьхни ду хьажар.** Нагахь санна и хьанал даьхни дацахь, цунах вухакхетар ву. Амма даьхни хьарам я хьанал хиларехь шеко елахь, закат схьа ца эцар гIоли ду.

## Чулацам

Дешхьалхе.......................................................3

Закатан хьокъехь даьхкина сийдолу аяташ.........4

Сийлахь долу хьадисаш.......................................7

Хьалхара дакъа. Закат...........................................12

ШолгIа дакъа. Ислам-динехь закатан маьIна.....14

КхоалгIа дакъа. Закат фарз деш
болу бехкамаш....................................................16

ДоьалгIа дакъа. Закат дIадала
билгалйина хенаш................................................17

ПхоьалгIа дакъа. Закат дIадаларан некъаш.........19

ЙолхалгIа дакъа. Шена тIера закат
далар важиб долу даьхни.....................................20

ВорхIалгIа дакъа. Закат шена догIуш верг,
догIуш воцург а.....................................................27

БорхIалгIа дакъа. Закат луш волчо
тергалдан дезаш долу гIиллакхаш.......................33

УьссалгIа дакъа. Къечу стага тергалдан
дезаш долу гIиллакхаш........................................35

*Билгалдахаршна*

*Билгалдахаршна*

Организационное и методическое руководство
выпуском исламской литературы в ГАУ
«Телерадиокомпания «Путь» им. А. Кадырова
осуществляет его директор А. С. Шахидов.

ХIоттийнарш – IабдулваххIаб Хьафиз,

Мухьаммад СаIийд БурхIани

Жайна гочдинарг – Магамедов Рахьманан Сулиман

Рецензенташ – М-Э. Эдихаджиев, I. Эдиев

Редактор – Асламбек Гайтукаев

Верстка – Сайд-Мохьмад Тасуев

Подписано в печать 29.08.2018 г.
Тираж 100 экз.

**ГАУ «Телерадиокомпания
«Путь» им. А. Кадырова.
Чеченская Республика,
г. Гудермес, пр. А. Кадырова, д. 3**